

BAB I

PURWAKA

A. Larah-Larahing Panaliten

Yasan sastra minangka sarana kangge medharaken dhiri setunggaling tiyang, inggih punika wedharing pamanggih utawi pangraosan ingkang dipunwedharaken salebeting wujud yasan. Yasan sastra inggih punika panggenan seni nudhuhaken kaendahan saking basa ingkang narik kawigaten saha kathah *imajinasi*. Yasan sastra saged ngandharaken kasunyatan gesangipun pabrayan ingkang dipunandharaken lumantar basa entar. Ing dasaripun yasan sastra marsudi kangge nggambaraken kawontenan pabrayan kanthi tliti supados punapa ingkang dipunwedharaken lumantar yasan sastra saged nggambaraken kasunyatan salebeting pabrayan (Rismayanti lan kanca-kanca, 2020: 8).

Yasan sastra dipunperang dados geguritan, gancaran, lan drama. Salah setunggaling wujud gancaran inggih punika novel. Novel minangka salah setunggaling wujud yasan sastra ingkang *kompleks* sanget saha *populer*. Novel punika ngandharaken cariyos kanthi langsung, kados basa sadinten-dinten ingkang boten nyimak rima lan irama ingkang ajeg kados geguritan. Novel dados setunggaling yasan sastra ingkang medharaken cariyos-cariyos ingkang *kompleks* sanget babagan perkawis gesang, sanajan namung cariyos fiksi nanging novel kathah ingkang sami kaliyan gesang manungsa (Sauri, 2020:39).

Miturut Nurgiyantoro (2015:10) novel inggih punika wujud yasan *fiksi* ingkang ngemot unsur-unsur panyengkuyung antawisipun *unsur intrinsik* lan

unsur ekstrinsik. Tegesipun novel minangka setunggaling anggitan gancaran ingkang nyuguhaken rerangkening cariyos gesang wonten pabrayan kanthi nedahi watak lan sipatipun paraga ugi nggambaraken kasunyatan gesang manungsa. Salah setunggaling struktur novel inggih punika unsur intrinsik. Unsur intrinsik punika maneka warna, unsur ingkang dipunkajengaken inggih punika tema, paraga saha watekaning paraga, plot, setting, sudut pandang, lelewaning basa, saha amanat (Nurgiyantoro, 2015:36).

Basa inggih punika sarana utawi media kangge medharaken gagasan pangipta. Amargi pangipta gadhah lelewaning basa beda-beda, pramila wigatos kangge sumerep ciri-ciri basa dening saben pangipta. Miturut Pradopo (2020:52) lelewaning basa inggih punika rerangkening tembung ingkang dipunwedhar adhedhasar pangraosan manah panganggit ingkang dipunlampahaken kanthi njarag utawi boten njarag, pramila setunggaling yasan sastra ingkang dipundamel nyukani pangraosan tartamtu wonten salebeting manah para maos. Panganggenipun lelewaning basa narik wigatos supados para maos gampil nampi fungsi yasan sastra, satemah saged narik kawigatosanipun tiyang kangge maos. Yasan sastra piyambak gadhah fungsi *struktural* kangge nemtokaken sae botenipun yasan sastra. Pramila yasan sastra ugi tumut nemtokaken makna yasan sastra ingkang dipunanalisis adhedhasar fungsi *struktural* (Pradopo, 2020:9).

Novel minangka setunggaling tiron saking kahanan pabrayan ingkang dipundamel dening pangriptanipun asring wonten piwucal luhur ingkang dipunandharaken dhateng para maosipun. Piwucal luhur saged

dipunpanggihaken saking maneka warna sumber salah setunggalipun yasan sastra. Yasan sastra ngandhut gagasan lan pengalaman ingkang nate diadhepi panganggit. Satemah wonten salebeting novel saged dipunpanggihaken maneka warna pesen saking amanat ingkang badhe dipunandharaken panganggit saha piwucal luhur ingkang saged dipun-ginakaken dados pitedah salebeting pagesangan pabrayan (Hanantha lan kanca-kanca, 2022:96). Piwucal luhur inggih punika perangan saking unsur salebeting yasan sastra lan sesambetan raket kaliyan unsur amanat. Piwucal salebeting gesang pabrayan dipundadosaken pitedah lampahan kangge nginggahaken derajat kamanungsan lan harga dhiri. Piwucal luhur dipun-ginakaken lan dipuntetepaken minangka unsur kangge nggayut katentreman lan rasa seneng salebeting gesang. Wontenipun piwucal gesang ingkang kaserat utawi kasirat pramila saged nedahi pigunanipun yasan sastra kangge pabrayan.

Novel Katresnan anggitanipun Soeratman Sastradihardja ingkang salajengipun dipunserat KASS, anggadhahi kasugihan lelewaning basa ingkang saged dipuntaliti. Novel punika ngandhut makna ingkang dipunaturaken lumantar panganggenipun lelewaning basa ingkang khas ugi anggadhahi peran ingkang wigatos salebeting nggambaraken paraga, kawontenan saha raos wonten ing cariyos. Tuladanipun lelewaning basa wonten ing novel inggih punika lelewaning basa simile kanthi ukara:

“... Gek mondhok ing daleme priyayi, sarta kabagean kamar siji sing becik, kaya bocah wadon Walanda kae.” (kaca: 13)

Ukara kasebat kalebet lelewaning basa *simile* amargi bandingaken kawontenan paraga salebeting cariyos kaliyan bocah wadon Walanda, kanthi tembung “kaya”.

Ancasipun panaliti milih Novel KASS kanthi ngusung tema perjuanganipun tiyang estri minangka objek panaliten, amargi novel kasebat inggih punika cariyos inspiratif babagan tiyang estri ingkang wantun nglawan *stigma* lan ngupadi impen inggih punika gandhahi pendhidhikan ingkang inggil. Novel punika anggadhahi amanat babagan wigatosipun pendhidhikan kangge tiyang estri saha nyariosaken babagan nolak kawin peksa, salebeting novel punika ugi nyariosaken Mursiati ingkang ngupadi hak-hak tiyang estri kangge nemtokaken nasibipun piyambak. Novel KASS ngandhut konsep piwucal luhur ingkang saged dipundadosaken tuntunan kangge manungsa salebeting pabrayan. Tuladhanipun piwucal luhur wonten ing novel kasebat inggih punika piwucal luhur babagan religius kanthi ukara:

“...mangka begja cilakanipun tiyang punika boten mesthi. Kenging ugi lajeng tinilar pejah...” (kaca 15)

Ukara kasebat ngemot piwucal religius amargi ngandhut pamanggih manawi nasibipun tiyang boten namung dipuntemtokaken dening manungsa, ananging ugi dening Gusti Allah. Piwucal luhur inggih punika tilaran budaya Jawi ingkang ngandhut kearifan lokal ingkang cetha salebeting wucalan lan tradhisi Jawi. Pramila panaliten punika badhe nyukani pangertosan ingkang langkung *spesifik* babagan konsep piwucal luhur lan saged nyukani sumbangsih ingkang

gadha makna kangge pangrembakanipun studi sastra Jawi lan pangertosan babagan budaya Jawi.

Adhedhasar andharan larah-larahing perkawis wonten ing inggil, panaliti rumaos kasengsem kangge naliti Novel KASS kanthi irah-irahan “Piwucal Luhur wonten Salebeting Novel Katresnan anggitanipun Soeratman Sastradihardja”.

B. Thinthinganing Perkawis

Adhedhasar larah-larahing perkawis wonten ing nginggil, pramila kedah dipuntemtokaken thinthinganing perkawis ing panaliten punika, antawisipun:

1. Panaliten punika dipunpunjeraken wonten ing cariyos salebeting novel KASS.
2. Perangan-perangan sastra saha basa ingkang wonten salebeting novel KASS.
3. *Unsur-unsur intrinsik* salebeting novel KASS.
4. Lelewaning basa salebeting novel KASS.
5. Piwucal luhur salebeting novel KASS.

C. Watesaning Perkawis

Adhedasar thinthingan perkawis ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil, perkawis punika dipunwatesi ing antawisipun:

1. Panaliten punika badhe fokus ngrembag babagan *unsur-unsur intrinsik* salebeting novel KASS.
2. Panaliten punika badhe fokus nemtokaken lelewaning basa ingkang dipun-
ginaken panganggit wonten salebeting novel KASS.

3. Panaliten punika badhe fokus nemtokaken piwucal luhur wonten salebeting novel KASS.

D. Underaning Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis wonten nginggil, pramila underaning perkawis ing panaliten punika antawisipun:

1. Kadospundi *unsur-unsur intrinsik* salebeting novel KASS?
2. Lelewaning basa punapa kemawon ingkang wonten salebeting novel KASS?
3. Piwucal luhur punapa kemawon ingkang wonten salebeting novel KASS?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar underaning perkawis wonten nginggil, pramila ancasing panaliten inggih punika:

1. Ngandharaken *unsur-unsur intrinsik* salebeting novel KASS.
2. Ngandharaken lelewaning basa wonten salebeting novel KASS.
3. Ngandharaken piwucal luhur wonten salebeting novel KASS.

F. Paedahing Panaliten

Mupangat wonten salebeting panaliten punika saged kaperang dados kalih, inggih punika praktis saha teoritis.

1. Mupangat *Praktis*

Panaliten punika dipunajab supados saged mangertosi kadospundi unsur-unsur intrinsik, lelewaning basa saha piwucal luhur ingkang wonten salebeting novel KASS.

2. Mupangat *Teoritis*

Panaliten punika dipunajib supados saged nuwuhaken wawasan babagan sastra ingkang awujud novel, wigatosipun novel KASS saha piwucal luhur salebeting novel kasebat.

G. Tatacara Panyeratan

- BAB I** Purwaka ingkang surasanipun babagan larah-larahing panaliten, thintinganing perkawis, watesing perkawis, ancasing panaliten, paedahing panaliten, tatacara panyeratan.
- BAB II** Landhesaning Teori ingkang surasanipun babagan Landhesaning Teori, Panaliten ingkang jumbuh, cengkorongan pamikir.
- BAB III** Metodhe panaliten ingkang surasanipun babagan papan wekdal panaliten, jinising panaliten, dhata saha tukung dhata, cara ngempalaken dhata, cara ngesahaken dhata, cara ngolah dhata.
- BAB IV** Asiling panaliten saha pirembagan ingkang ngandhut deskripsi dhata lan pamedharan.
- BAB V** Panutup ngandhut Dudutan, Implikasi, lan Pamrayogi.

PRATELANING PUSTAKA

SIMPINGAN

BAB II

LANDHESANING TEORI

A. Landhesaning Teori

1. Yasan Sastra

Yasan sastra inggih punika kasil yasan seni ingkang endah kangge manungsa, ingkang anggadhahi *nilai estetika* inggil satemah saged nyukani raos binggah saha raos marem batin kangge para maos saha saged nyugih dados alat kangge *refleksi* lan *kontemplasi*. Yasan sastra inggih punika kasil gagasanipun manungsa ingkang cara aturipun dipunwujudaken seratan kaliyan tembung-tembung ingkang endah lan basa ingkang *komunikatif* lan kangge ngaturaken setunggaling *informasi* ingkang ngginakaken basa minangka medhianipun (Permana lan kanca-kanca, 2019:21). Yasan sastra inggih punika *kreativitas* ingkang sesambetan kaliyan ide, gagasan, lan pangraosan ingkang dipungadhahi salah setunggaling tiyang. Yasan sastra inggih punika kasil imajinasi manungsa ingkang mendhet pagesangan manungsa dados sumber inspirasinipun pramila yasan sastra kasebat boten medal saking kasuwungan budaya (Hastuti lan kanca-kanca, 2022:238).

Yasan sastra inggih punika setunggaling struktur ingkang asipat *kompleks*, pramila kangge mangertosi, betahaken wontenipun analisis kaliyan perangan-perangan utawi unsur-unsuripun (Nilawijaya & Awalludin, 2021:292). Unsur salebeting yasan sastra anggadhahi makna lan fungsi piyambak-piyambak ingkang sami-sami sesambetan kangge nuwuhaken makna ingkang jangkep lan *kompleks*. Pangertosan yasan sastra boten cekap kanthi

maos teks kanthi saklebatan, pramila betahaken lampahan analisis unsur yasan sastra kanthi salebeting kangge mangertosi kadospundi gayutanipun unsur-unsur kasebat sesambetan saha nuwuhaken makna.

Saking pamanggih wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan manawi yasan sastra inggih punika yasan seni asiling *kreativitas* pamikiranipun manungsa ingkang sipatipun imajinatif, anggadhahi *nilai estetika*, saha setunggaling struktur ingkang asipat *kompleks* pramila anggenipun mangertosi betahaken wontenipun analisis kaliyan perangan-perangan utawi unsur-unsuripun.

2. Novel

Novel minangka salah setunggaling wujud yasan sastra ingkang taksih misuwur wonten Indonesia. Babagan punika saged dipuntingali saking inggilipun wicalan sadayan lan populeripun komunitas para maos novel saha *media sosial* ingkang tumut njalari *popularitas* novel wonten Indonesia. Dipuntilik saking panjangipun, novel ing limrahipun madeg saking 45.000 tembung utawi langkung.

Novel dados salah setunggaling yasan sastra, inggih punika sarana utawi medhia ingkang saged nggambaraken punapa ingkang wonten salebeting penggalih panganggit. Novel nyariosaken perkawis pagesangan manungsa wonten interaksinipun kaliyan sesami lan bebrayanipun, ugi interaksi piyambakipun lan gusti Allah (Al-Ma`ruf dan Farida Nugrahani, 2017:74-75). Dene miturut Nurgiyantoro (2015:13) novel saged ngandharaken samubarang

kanthi mardika, nyajikaken kanthi langkung sae, rinci, detail, lan langkung kathah nglibataken maneka warna masalah ingkang *kompleks*.

Novel inggih punika anggitan prosa fiksi ingkang nyariyosaken kanthi detail kawiwitan saking latar cariyos, paraga lan watak, perkawis-perkawis wonten ing novel, kabudayan, saha alur salebeting setunggaling cariyos lan novel ugi nggambaraken pagesangan ingkang nyata saha dipunserat nglangkungi imajinasi panganggit wonten novel kasebat (Purba lan kanca-kanca, 2021:23). Novel saged nyukani *konsentrasi* gesang ingkang langkung teges, kaliyan *roman* ingkang dipuntegesaken rancanganipun ingkang langkung wiyar, ngandhut sejarah pangrembakanipun ingkang limrahipun dumadi saking maneka warna *fragmen* (Eliastuti, 2017:43).

Saking pamanggih wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan manawi novel inggih punika yasan sastra fiksi ingkang nggambaraken *interaksi* manungsa kaliyan sesami utawi kaliyan gusti Allah lumantar cariyos ingkang rinci lan kompleks, kanthi nggambaraken ancas lan imajinasi panganggit.

3. Struktur Novel

Miturut etimologis tembung *struktur* asalipun saking basa latin *structūra*, inggih punika wujud utawi bangunan. *Strukturalisme* ing dasaripun inggih punika cara manahaken babagan donya ingkang nglibataken *respons* lan *deskripsi struktural*. Teori punika nganggep manawi yasan sastra mujudaken *fenomena* ingkang strukturipun sami-sami sesambetan. *Struktur* kasebat anggadhahi perangan ingkang *kompleks*, pramila makna kedah dipunarahaken sesambetan antarunsur sedayanipun (Endraswara, salebeting Zamrud, 2018:9).

Miturut Abrams (Nurgiyanto, 2015:57) struktur yasan sastra anggadhahi makna dados tatanan, katrangan, lan gambaran sedaya bahan lan perangan ingkang komponenipun sesarengan mujudaken punapa ingkang endah. Salebeting analisis novel, teori ingkang dipun-ginakaken inggih punika analisis struktural. Teori punika nganggep novel dados setunggaling sistem ingkang wetah, saben unsur wonten gegayutan lan *interaksi* saha saged negesaken wigatosipun sesambetan antawis unsur intrinsik salebeting novel. Ancasing analisis *struktural* inggih punika ngandharaken sesambetan maneka warna unsur ingkang nuwuhaken makna. Analisis struktural saged dipuntindakaken kanthi mangertosi, nganalisis, ngandharaken lan medharaken unsur-unsur pangrembakanipun yasan sastra (Teeuw dalam Zamrud, 2018:10).

Novel minangka yasan *fiksi* anggadhahi unsur-unsur pangrembakanipun ingkang sami kaliyan yasan sastra awujud gancaran sanesipun kados cerkak, dongeng, utawi roman. Salah setunggaling unsur pangrembakanipun novel inggih punika unsur-intrinsik. Miturut Nurgiyantoro (2015:23) unsur intrinsik inggih punika unsur-unsur ingkang bangun yasan sastra kanthi *faktual* badhe dipunpanggihi bilih tiyang maos yasan sastra. Setunggaling yasan sastra ketingal sampurna kanthi wontenipun maneka warna *unsur intrinsik*, inggih punika:

1) Tema

Tema inggih punika gagasan dasar umum ingkang nyengkuyung setunggaling yasan sastra minangka struktur *semantis* lan gadhahi sipat abstrak ingkang dipunjumbuhaken lumantar *motif-motif* lan limrahipun

dipunlampahaken kanthi implisit (Nurgiyantoro, 2015:115). Kangge manggihaken tema salebeting yasan fiksi kedah dipundudutaken saking sedaya cariyos, boten namung adhedhasar perangan cariyos tartamtu, amargi tema minangka makna utama boten disimpen, ananging punika ingkang dipunaturaken dhateng para maos (Nurgiyantoro, 2015:116).

2) Alur

Alur inggih punika rerangkening kedadosan ingkang sambung-sinambung, ingkang mujudaken sesambetan *kausalitas (sebab-akibat)* kangge yasa lampahipun cariyos ingkang kasusun lan wetah (Al-ma`ruf lan Farida Nugrahani, 2017:86). Alur utawi plot inggih punika unsur fiksi ingkang wigatos, boten sakedhik tiyang ingkang nganggep minangka unsur ingkang langkung wigatos wonten antawis maneka warna *unsur fiksi* ingkang sanes (Nurgiyantoro, 2015:164).

Miturut Nurgiyantoro (2015:212-215) alur utawi *plot* dipunperang dados maneka warna jinis adhedhasar kriteria, salah satunggalipun adhedhasar urutan wekdal kedadosan ingkang dipuncariyosaken. Alur utawi *plot* adhedhasar kriteria urutan wekdal dipunperang dados; (1) *plot* lurus, maju utawi *progresif*, inggih punika prastawa ingkang dipuncariyosaken gadhahi sipat *kronologis* lan kedados kanthi runtut saking wiwitan, tengah lan pungkasan. (2) *Plot* sorot balik utawi *flash back*, inggih punika prastawa ingkang dipuncariyosaken boten gadhahi sipat *kronologis* lan boten kedados saking wiwitan, ananging saking tengah utawi pungkasan lajeng

dipuncariyosaken perangan wiwitan. (3) *Plot* campuran inggih punika plot ingkang salebetipun wonten *plot* maju lan *plot* mundur.

3) Latar

Miturut Abrams (Nurgiyantoro, 2015:302) latar minangka landhesan tumpu, nedahaken dhateng pangertosan papan, sesambetan wekdal lan pabrayan sosial wonten ing pundi kedadosanipun prastawa ingkang dipuncariyosaken. Latar nyukani dasar ingkang *konkret* lan cetha. Babagan punika wigatos kangge nyukani panemu ingkang nyata dhateng para maos, damel kawontenan tartamtu ingkang kadosipun wonten. Kanthi mekaten para maos rumaos dipun-gampilaken kangge ngginakaken daya *imajinasinipun* (Nurgiyantoro, 2015:303). Unsur latar dipunperang dados 3 unsur, inggih punika papan (papan kedadosipun peristiwa wonten salebeting cariyos), wekdal (wekdal kedadosipun peristiwa lebeting cariyos) saha sosial-budaya (babagan ingkang sesambetan kaliyan lampahan sosial pabrayan wonten salebeting cariyos).

4) Paraga lan wateganing paraga

Paraga lan wateganing paraga inggih punika setunggaling unsur wigatos salebeting yasa setunggaling novel. Paraga miturut Abrams (Nurgiyantoro 2015:247) inggih punika tiyang ingkang dipuntampilaken salebeting yasan *naratif*, utawi drama, ingkang dening para maos dipuntegedaken anggadahi *kualitas* moral tartamtu kados ekspresi salebeting ngendikan lan punapa ingkang dipunlampahaken. Dene miturut Baldic (Nurgiyantoro, 2018:248) paraga inggih punika tiyang ingkang

dados lakon salebeting criyos fiksi utawi drama, dene watekaning paraga inggih punika pangerawuhan paraga salebeting cariyos fiksi utawi drama kanthi cara langsung punapa boten langsung lan ngaturi para maos kangge nafsiraken kualitas piyambakipun lumantar tembung utawi lampahanipun.

5) *Sudut Pandang*

Sudut pandang inggih punika posisi utawi cara pandang pagripta salebeting nyariyosaken cariyos wonten novel. Sudut pandang saged nemtokaken kadospundi cariyos dipunandharaken dhateng para maos lan saking sudut pandangipun para maos dipunajak mirsani lan mangertosi kedadosan salebeting cariyos. Miturut Nurgiyantoro (2015:338-339) sudut pandang ing hakikatipun inggih punika strategi, teknik, siasat, ingkang sinengaja dipunpilih panganggit kangge ngandharaken gagasan lan cariyosipun. *Sudut pandang* kanthi garis ageng dipunperang dados 2 inggih punika; *sudut pandang persona* setunggal, “aku” lan *sudut pandang persona* kaping tiga, “dia”.

6) Amanat

Amanat inggih punika pesen ingkang badhe dipunaturaken panganggit lumantar cariyos ingkang piyambakipun damel. Limrahipun amanat punika salebeting wujud pitutur kangge ngaturaken pesen moral. Miturut Nurgiyantoro (2015:429) moral inggih punika wucalan sae lan awon ingkang wonten ing salebeting cariyos lumantar lampahan, sika plan kewajiban. Amanat inggih punika gagasan utawi ide pokok ingkang dados dasar yasan sastra ingkang awujud ukara lan wonten ing ukara kasebat

ngandharaken pesen moral dhateng para maos utawi pamireng (Purba lan kanca-kanca, 2021:26).

4. Lelewaning Basa

Lelewaning basa minangka wujud *retorik*, inggih punika panganggenipun tembung-tembung salebeting wicanten lan seratan kangge mangaruhi para maos (Tarigan, 2013:4). Lelewaning basa salebeting retorika dipunsebat *style* ingkang dipunandhapake saking tembung Latin *stilus*, inggih punika sajinising piranti kangge nyerat ing lempengan lilin. Wonten ing *progres* salajengipun, tembung *style* dados cara ngandharaken gagasan lumantar basa kanthi mligi ingkang nedahi jiwa saha pribadinipun panganggit (Keraf, 2010: 112-113).

Lelewaning basa dipunbedakaken antawisipun ingkang sae saha ingkang ala. Lelewaning basa ingkang sae kedah ngandhut tigang unsur inggih punika jujur, tata krama lan narik kawigaten (Keraf, 2010: 114). Lelewaning basa saged dipuntingali saking maneka warna sudut pandang salebeting kaitanipun kaliyan lelewaning basa ingkang lumampah wonten Indonesia. Miturut Tarigan (2013: 5) lelewaning basa kaperang dados sekawan jinis inggih punika *perbandingan*, *pertentangan*, *pertautan* lan *perulangan*. Dene Keraf (2010:117-145) bagi lelewaning basa dados sekawan jinis, inggih punika lelewaning basa adhedhasar pilihan tembung, lelewaning basa adhedhasar nada ingkang kekandhut salebeting wacana, lelewaning basa adhedhasar struktur ukara lan lelewaning basa adhedhasar langsung botenipun makna.

Wonten ing panaliten punika, panyerat ngandharaken miturut teori Gorys Keraf. Supados panaliten punika langkung *fokus*, pramila jinis lelewaning basa

ingkang badhe dipunanalisis ing panaliten punika badhe dipunwatesi wonten ing lelewaning basa adhedhasar struktur ukara lan lelewaning basa adhedhasar langsung botenipun makna.

1. Lelewaning Basa Adhedhasar Struktur Ukara

Struktur ukara saged dipundadosaken minangka dhasar damel lelewaning basa. Struktur ukara punika, ukara kadospundi *papan setunggaling unsur ukara ingkang dipunanggep salebeting ukara kasebat*. Struktur ukara anggadhahi maneka warna sipat ing antawisipun : a) periodik, b) kendur, c) ukara berimbang. Lelewaning basa adhedhasar struktur ukara dipunperang dados: a) Klimaks, b) Antiklimaks, c) Paralelisme, d) Antithesis, e) Repetisi. (Keraf, 2010: 124-127)

2. Lelewaning Basa Adhedhasar Langsung Botenipun Makna

Lelewaning basa adhedhasar langsung botenipun makna diukur saking acuan ingkang dipunangge taksih ngreksa makna denotatifipun utawi sampun wonten ingkang sumingkir. Manawi taksih ngreksa makna dhasar, basa punika taksih anggadhahi sipat polos. Nanging manawi sampun wonten ewahing makna dados makna konotatif, pramila acuan punika dipunanggep sampun anggadhahi lelewaning. Lelewaning basa adhedhasar langsung botenipun makna dipunperang dados kalih, inggih punika lelewaning basa retoris lan lelewaning basa kiasan (keraf, 2010:129).

a. Lelewaning basa retoris

Lelewaning basa retoris inggih punika lelewaning basa ingkang sumingkir saking *konstruksi* biasa kangge nggayuh *efek* tartamtu.

Maneka warna lelewaning basa retorik inggih punika: aliterasi, asonansi, anastrof, apofasis, apostrof, asyndeton, polisidenton, kiasmus, ellipsis, eufimismus, litotes, hysteron proteron, pleonasma dan tautogi, periphrasis, prolepsis atauantisipasi, erotesis atau pertanyaan retorik, silepsis dan zeugma, koreksio atau epanortesis, hiperbola, paradoks, oksimoron. (Keraf, 2010: 129-136).

b. Lelewaning basa kiasan

Lelewaning basa kiasan inggih punika lelewaning basa ingkang sumungkir langkung tebih, mliginipun babagan makna. Lelewaning basa punika kawiwitan adhedhasar bandhingan utawi sesami. Maneka warna lelewaning basa kiasan inggih punika: persamaan atau simile, metafora, alegoro, parable, fabel, personifikasi/prosopopoeia, alusi, eponim, epitet, sinekdoke, metonimia, antonomasia, hipase, ironi, sinisme dan sarkasme, satire, inuendo, antifrasis, pun/paronomasia. (Keraf, 2010:136-145).

5. Piwucal Luhur

Piwucal luhur rumaket sanget kaliyan kasusastraan Jawi. Piwucal luhur minangka pitutur ingkang ngandhut piwucal gesang manungsa lan budi pekerti luhur salebeting budaya Jawi. Wicaksono (2017:329) ngandharaken manawi piwucal luhur inggih punika sedaya punapa ingkang migunani kangge gesang manungsa ingkang pikantuk medal proses ngewahi patrap lan solah bawa dados langkung sae wonten salebeting marsudi ndewasakaken dhiri, saking segi *kognitif, afektif utawi psikomotorik*.

Piwucal luhur anggadhahi peran wigatos, inggih punika kangge mbimbing salebeting nglampahaken gesang ingkang sae, mujudaken watak lan moral pabrayan Jawi. Piwucal ingkang kakandhut ing salebetipun dados pitedah gesang kangge tiyang kathah. Miturut Wicaksono (2017:329) piwucal luhur dipunperang dados sekawan inggih punika:

1. Piwucal Luhur babagan *Religius*

Miturut Subardi lan kanca-kanca, (salebeting Wicaksono, 2017:331) piwucal luhur babagan *religius* inggih punika piwucal ingkang dipunpirsani adhedhasar *nilai spiritual* lan *ketuhanan* ingkang inggil lan mutlak. Piwucal religius ugi asalipun saking kapitadosan lan keyakinan.

2. Piwucal Luhur babagan Moral

Miturut Wicaksono (2017:338) moral inggih punika samubarang ingkang sesambetan kaliyan wucalan ingkang sae lan ala ngengingi lampahan, patrap lan watak salah setunggaling tiyang. Moral dipun- ginakaken minangka nedahi lampahan lan adat salah setunggaling tiyang utawi kelompok. Piwucal moral inggih punika sedaya punapa ingkang dipunanggep wigatos lan gadhah paedah kangge manungsa salebeting mujudaken patrap, akhlak lan budi pekerti.

3. Piwucal Luhur babagan *Sosial*

Miturut Wicaksono (2017:343) piwucal *sosial* inggih punika samubarang ingkang ndidik pabrayan supados anggadhahi *jiwa sosial* lan sesrawungan kaliyan piyambakipun saha saged mendhet lampahan ingkang dipuntampi pabrayan.

4. Piwucal Babagan Budaya

Miturut Wicaksono (2017:355) piwucal budaya inggih punika *konsepsi ideal* utawi *citra ideal* babagan punapa ingkang dipuntingali minangka wigatos, bebrayan salebeting alam pamanggih, kasimpen wonten ing *norma* /aturan, lan kawujud salebeting lampahan *mayoritas* pabrayan ingkang setunggal lan wetah.

B. Panaliten Inggang Jumbuh

Wonten ing panaliten punika, panaliti badhe ngandharaken panaliten rumiyin ingkang jumbuh kaliyan panaliten ingkang badhe dipuntindakaken punika. Wonten ing ngandhap punika panaliten ingkang jumbuh, ingkang dipundadosaken bahan telaah kangge panaliten.

1. Panaliten ingkang jumbuh inggih punika panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Nia Widi Haryani, mahasiswi Jurusan Pendidikan Bahasa dan Seni, Universitas Widya Darma Klaten (2017) kanthi irah-irahan "*Analisis Penokohan dan Amanat dalam Novel Katresnan Karya Soeratman Sastradihardja*". Panaliten Nia jumbuh kaliyan panaliten punika amargi sami-sami migunakaken novel Katresnan minangka objekipun, saha sami-sami mupangataken *pendekatan kualitatif* kangge nganalisis dhata. Panaliten Nia ngandharaken kalih aspek utami, inggih punika wewateganing paraga lan amanat ingkang kekandhut salebeting novel KASS. Ananging, wonten bendanipun ingkang *signifikan* antawis panaliten kekalih punika. Saking babagan paraga saha wewateganing paraga, panaliten Nia nemtokaken gangsal paraga, inggih punika Mursiati, Marliah,

Pakdhe Ngadimin, Budhe Sanikem, lan Mbah Jusuf, saha nggambaraken sipat piyambakipun sedaya ingkang sesambetan kaliyan tema merjuangaken pagesangan. Dene panaliten punika nemtokaken langkung kathah paraga inggih punika wonten wolulas, antawisipun Mursiati, Sutrisna, Bapak Mursiati, Ibu Mursiati, Ibu Sutrisna, Sundari, Kancanipun Sundari, Sumarta, Sumardi, Mursinah, Gurunipun Mursiati, Kyai Lurah, Asisten Wadana, Raden Ayu, Adinipun Sutrisna, Baturipun Sutrisna, Mulyani saha Begal, kanthi analisis wewateganing paraga ingkang langkung *detail* kangge nyukani pangertosan salebeting nyengkuyung tema utami novel. Saking babagan amanat, panaliten Nia ngandharaken manawi novel Katresnan nyukani pesen babagan wigatosipun nyambut damel, boten nyerah, lan taat kaliyan kapitadosan. Dene panaliten punika ngrembag amanat kanthi langkung wiyar, utaminipun wigatosipun pendhidhikan kangge tiyang estri dados kunci pabrayan ingkang langkung sae, saha kawantunan salebeting ngajengi pambengan gesang lan merjuangaken tresna saha pendidikan nyukani kaprigelan manahaken kritis lan kalodhangan kangge nggayuh supena. *Pendekatan* ingkang dipunangge salebeting panaliten punika ugi beda. Panaliten Nia migunakaken *pendekatan struktural* kanthi *teknik* waos *dialektika*, dene panaliten punika migunakaken metode *deskriptif kualitatif* kanthi *pendekatan studi pustaka* supados pikanthuk gambaran ingkang langkung *komprehensif*. Kathi miyaraken andharan analisis unsur intrinsik sanesipun kados tema, alur, latar, sudut pandang, lelewaning basa lan piwucal luhur, panaliten punika

dipunjab saged jangkepi panggihan saking panaliten saderengipun saha nyukani *kontribusi* salebeting mangertosi isi lan piwucal luhur salebeting novel KASS.

2. Panaliten ingkang jumbuh inggih punika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Taqiyuddin, mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Indonesia, Sekolah Tinggi Keguruan Ilmu Pendidikan Bina Bangsa Getsampena, Banda Aceh (2021) kanthi irah-irahanipun “*Analisis Nilai-Nilai Yang Terkandung Dalam Novel Tanah Surga Merah Dan Relevansinya Dengan Pembelajaran Sastra Yang Ada Di SMA*”. Panaliten punika jumbuh kaliyan panaliten Taqiyuddin amargi sami-sami ngrembag babagan piwucal luhur wonten salebeting novel. Ananging panaliten punika kaliyan panaliten Taqiyuddin wonten bedanipun inggih punika objek panaliten. Objek panaliten Taqiyuddin novel kanthi irah-irahan Tanah Surga Merah anggitanipun Arifah Nur, dene objek panaliten ingkang dipuntaliti dening panaliti inggih punika novel kanthi irah-irahan KASS.
3. Panaliten ingkang jumbuh inggih punika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Salza Bella Aqilatul Nisa, mahasiswi Program Studi Tadris Bahasa Indonesia, Fakultas Tarbiah Dan Keguruan Institut Agama Islam Darussalam (IAIDA), Banyuwangi (2022) kanthi irah-irahan *Analisis Gaya Bahasa Pada Novel Biografi “Buya Hamka” Karya Ahmad Fuadi*. Panaliten punika jumbuh kaliyan panaliten Salza amargi sami-sami ngrembag babagan lelewaning basa wonten salebeting novel. Ananging sinaosa sami-sami ngrembag babagan lelewaning basa, panaliten punika

wonten bedanipun, wonten ing objek kaliyan rembag panaliten. Panaliten punika namung ngrembag babagan lelewaning basa kanthi objek novel Buya Hamka anggitanipun Ahmad Fuadi. Dene panaliten punika ngrembag struktur, lelewaning basa lan piwucal luhur kanthi objekipun novel KASS.

C. Cengkorongan Pamikir

Cengkorongan pamikir inggih punika model *konseptual* babagan kadospundi teori sesambetan kaliyan maneka warna faktor ingkang sampun dipunidentifikasi dados masalah ingkang wigatos (Sugiyono, 2019:91)

